

Chè Paran/Responsab,

Nou kontan anonse w enskripsyon ouvè kounye a pou Universal Summer Program 2021 an (Pwogram Dete Inivèsèl)!

Universal Summer Program nan (USP) se pou nenpòt elèv ki pral fè premye ane a rive nan 8yèm ane a an septanm 2021 nan Public Schools of Brookline. Pwogram nan pral bay yo okazyon pou yo patisipe nan edikasyon ki baze sou pwojè ki soutni anrichisman sosyal-emosyonèl e akademik. Objektif nou se pou n bay elèv yo okazyon pou yo rafine konpetans yo pandan y ap aprann yon fason ki enteraktif, ki enteresan, e ki chofe. Gwoup elèv yo pral travay sou yon pwojè kominotè pandan chak sesyon ki dire 2 semèn. Pwogram nan pral fèt fasafas pou **2 sesyon ki dire 2 semèn** ki pral fèt ant lendi ak vandredi, 6 a 16 jiyè ak 19 a 30 jiyè 2021. Kou yo pral dire ant **8 è 45 AM ak 11 è 45 AM** nan Florida Ruffin Ridley School.

Elèv yo pral gen opsyon pou yo patisipe nan sesyon 1 (6 - 16 jiyè) oswa sesyon 2 (19 - 30 jiyè), oswa toude sesyon yo (6 - 30 jiyè).

Sesyon 1:	6 - 16 jiyè 2021
Sesyon 2:	19 - 30 jiyè 2021
Sesyon 1 ak 2:	6 - 30 jiyè 2021

Tout pwogram nan nèt GRATIS pou tout elèv ki patisipe yo!

Chak klas pral gen jiska 15 elèv. Ap gen manje maten ak manje midi ki disponib pou elèv ki chwazi patisipe ladan yo. Y ap sèvi manje maten an ant 8:15 AM ak 8:45 AM e manje midi a ant 11:45 AM ak 12:30 PM.

Anplis pwogram akademik la k ap fèt nan maten, n ap ofri opsyon pou elèv patisipe nan yon klas anrichisman k ap fèt nan apre midi e ki gen yon frè. Se “Brookline Adult and Community Education” (Edikasyon Adilt ak Kominote Brookline nan) k ap òganize pwogram apre midi a. Nou gen pou nou bay plis enfòmasyon sou pwogram apre midi a.

Pou elèv ki kalifye pou pwogram Ane Lekòl Pwolonje a (ESY) kòm yon pati nan sèvis edikasyon espesyal yo, note sa: gen nan dat ak lè 2 pwogram yo ki tonbe menm lè. Byenke nou rekòmande tout elèv ki gen sèvis ESY yo asiste ESY pou asire yo atrene konpetans yo, nou rekonèt gen kèk fanmi ki gendwa vle pou elèv yo asiste yon pati oubyen tout USP a. Tanpri, note sa: pap gen sèvis datrapaj si yon elèv rate ESY poutèt li asiste USP.

Si w ta renmen enskri pitit ou nan USP, tanpri, ranpli fòmilè enskripsyon USP elektwonik nou an anvan 17 me 2021.

Nou pa ka tann pou n akeyi pitit ou nan Universal Summer Program 2021 an! Si w gen nenpòt kesyon, tanpri, mete w alèz pou w kontakte nou nan universalsummerprogram@psbma.org oswa gade FAQ yo (Kesyon Moun Poze Souvan) lè w klike isit.

Sensèman,

Ekip Universal Summer Program nan

Public Schools of Brookline
Universal Summer Program (Pwogram Dete Inivèsèl)
Ete 2021

Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ)

1. Èske Universal Summer Program nan (Pwogram Dete Inivèsèl, oswa USP) ouvè pou tout elèv?

Tout elèv ki enskri nan Public Schools of Brookline ki pral fè ant premye ane ak 8yèm ane yo an septanm 2021 kalifye pou yo patisipe nan Universal Summer Program nan.

2. Èske yon elèv ka asiste yon pati nan yon sesyon USP?

Non. Fòk elèv yo pran angajman pou yo asiste chak sesyon pou toule 2 semèn yo paske modèl pwogram nan baze sou kolaborasyon ak pwojè. Elèv yo gendwa asiste Sesyon 1: 6 a 16 jiyè; Sesyon 2: 19 a 30 jiyè; oswa toude sesyon yo, 1 ak 2, 6 a 30 jiyè.

3. Èske pwogram nan pral gen opsyon pou l fèt a distans?

Non. Pwogram nan pral fèt sèlman fasafas nan Florida Ruffin Ridley School.

4. Èske manje maten ak manje midi gratis pou tout elèv yo?

Wi.

5. Ki lè pou n depoze e vin chèche timoun yo?

Depoze:

Pou elèv ki ta renmen manje manje maten an nan lekòl la, depoze yo a: 8:15 AM.

Pou elèv ki pap manje manje maten nan lekòl la, depoze yo apati 8:35 AM. Pwogram nan kòmanse ofisyèlman a 8:45 AM.

Vin Chèche:

Pou elèv ki ta renmen manje manje midi a nan lekòl la, vin chèche yo a 12:30 PM.

Pou elèv ki ta renmen al lakay yo avèk manje midi a oswa ki pap patisipe nan pwogram manje midi a, vin chèche yo a 11:45 AM.

6. Èske y ap asire transpò?

Y ap bay transpò pou elèv ki abite Boston e ki enskri nan pwogram METCO Brookline nan.

7. Èske gen lòt aktivite pou pitit mwen nan apre midi apre Universal Summer Program nan?

Wi, nou pral ofri tout fanmi USP yo yon pwogram anrichisman nan apre midi. Se “Brookline Adult and Community Education” (Edikasyon pou Adilt ak Edikasyon Kominotè Brookline) ki responsab li. Pwogram sa a pral koute yon frè epi l ap fèt nan Florida Ruffin Ridley School. Pèsonèl USP a pral mennen elèv yo nan pwogram apre midi a. Nou pral bay plis enfòmasyon sou pwogram apre midi a talè konsa.

8. E si yo envite pitit mwen nan ESY, Project Discovery, oswa STAR Academy tou?

Pou elèv ki kalifye pou pwogram Ane Lekòl Pwolonje a (ESY) kòm yon pati nan sèvis edikasyon espesyal yo, note sa: gen dat ak lè USP ki tonbe nan menm lè ak ESY. Byenke nou rekòmande tout elèv ki gen sèvis ESY yo asiste ESY pou asire yo antrene konpetans yo, nou rekonèt gen kèk fanmi ki gendwa vle elèv yo asiste yon pati oswa tout USP. Tanpri, note sa: pap gen sèvis datrapaj pou elèv ki rate ESY poutèt yo asiste USP.

Pou elèv ki jwenn envitasyon pou yo patisipe nan “Project Discovery” (Pwojè Dekouvèt), note sa: gen dat ak lè USP yo ki tonbe nan menm lè ak Project Discovery a. Kidonk, fanmi yo ta dwe chwazi ant Project Discovery ak USP.

Pou elèv k ap patisipe nan semèn 1 ak 2 nan STAR Academy, dat yo tonbe nan menm lè ak sesyon 2 USP a. Elèv ki enskri nan STAR Academy a pandan semèn 3, 4, ak/oswa 5 pap gen okenn pwobèm avèk USP e y ap ka patisipe nan ni USP, ni STAR Academy.

Elèv ki asiste USP, fòk yo pran angajman pou yo asiste tout sesyon ki dire 2 semèn yo te enskri ladan l lan, paske fòma pwogram nan se yon pwojè ki fèt an gwoup.

PSB Fòmilè Enskripsyon pou Pwogram Dete Inivèsèl la

Mèsi dèske w enterese nan Universal Summer Program Brookline nan (Pwogram Dete Inivèsèl, oswa USP). Universal Summer Program nan se pou nenpòt elèv ki pral fè premye ane rive nan 8yèm ane a an septanm 2021 nan Public Schools of Brookline (PSB). Pwogram nan pral bay yo okazyon pou yo patisipe nan edikasyon ki baze sou pwojè ki soutni anrichisman sosyal-emosyonèl e akademik. Objektif nou se pou n bay elèv yo okazyon pou yo rafine konpetans yo pandan y ap aprann yon fason ki enteraktif, ki enteresan, e ki chofe. Gwoup elèv yo pral travay sou yon pwojè kominotè pandan chak sesyon ki dire 2 semèn. Pwogram nan pral fèt fasafas pou 2 sesyon ki dire 2 semèn ki pral fèt ant lendi ak vandredi, 6 a 16 jiyè ak 19 a 30 jiyè 2021. Kou yo pral dire ant 8 è 45 AM ak 11 è 45 AM nan Florida Ruffin Ridley School. Elèv yo pral gen opsyon pou yo patisipe nan sesyon 1 (6 - 16 jiyè) oswa sesyon 2 (19 - 30 jiyè), oswa toude sesyon yo (6 - 30 jiyè).

Tanpri, reponn tout pati ki nan fòmilè enskripsyon sa a pou ou ka enskri pitit ou. Si w ap enskri plis pase yon sèl timoun nan pwogram nan, tanpri, klike sou bouton "Submit Another Response" lan (Depoze yon Lòt Repons) nan fen fòmilè a. Fòk ou ranpli yon lòt fòmilè pou chak timoun w ap enskri nan USP. Nou pa ka tann pou n travay avèk pitit ou ann ete!

* Obligatwa

Imèl*

Prenon Legal Timoun nan *

Prenon Timoun nan Prefere

Non Fanmi Legal Timoun nan*

Klas Timoun nan ap fè kounye a *

- Kindègadenn
- Premye ane
- 2yèm ane
- 3yèm ane
- 4yèm ane
- 5yèm ane
- 6yèm ane
- 7yèm ane
- Lòt

Lekòl Timoun nan *

- Baker
- Driscoll
- Heath
- Lawrence
- Lincoln
- Pierce
- Ruffin Ridley
- Runkle

Sesyon Universal Summer Program yo (Pwogram Dete Inivèsèl)

Universal Summer Program nan (USP) pral bay edikasyon ki baze sou pwojè , ki konstwi kominote a, e ki fasilite edikasyon sosyal-emosyonèl. Gwoup elèv pral travay sou yon pwojè kominotè pandan chak sesyon ki dire 2 semèn. Pwogram nan pral fèt fasafas pou 2 sesyon ki dire 2 semèn. Sesyon 1 an pral fèt ant 6 ak 16 jiyè epi Sesyon 2 a pral fèt ant 19 ak 30 jiyè, 5 maten chak semèn ant 8:45 AM ak 11:45 AM. Elèv yo gen opsyon pou yo patisipe nan youn nan sesyon ki dire 2 semèn yo oswa pandan toule 4 semèn yo. Fanmi yo ka chwazi enskri pitit yo nan sesyon yo vle l asiste a.

Tanpri, endike ki sesyon ou ta renmen pitit ou asiste (yo). Tanpri, mete yon tchèk nan tout sa ki apwopriye. *

- Sesyon 1: 6 - 16 jiyè
- Sesyon 2: 19 - 30 jiyè

Enfòmasyon sou Ijans ak Ransèyman Medikal

MOUN POU KONTAKTE NAN KA IJANS *

Si gen yon ijans pandan pwogram nou, ki moun nou dwe kontakte? Tanpri, site 2 moun pou kontakte nan ka ijans epi endike: prenon yo, non fanmi yo, nimewo telefòn yo, imèl yo, ak sa chak moun ye pou elèv la.

RANSÈYMAN MEDIKAL

Èske pitit ou ka patisipe nan tout aktivite fizik pwogram nan pral fè? *

- Wi
- Non

Si pitit ou pa ka patisipe nan aktivite fizik, tanpri, esplike sa pi ba a.

Èske pitit ou pran medikaman (ponp, ensilin, epipen) li gendwa bezwen pran pandan l nan pwogram nan? *

- Wi
- Non

Si pitit ou pran medikaman, tanpri, esplike sa pi ba a.

PASE LI NAN DOMÈN SANTE

Tanpri, endike si pitit ou gen nenpòt nan pwoblèm medikal ki vin apre yo ki gendwa gen yon efè sou kapasite l pou l patisipe nan edikasyon. Mete yon tchèk nan tout sa ki apwopriye. *

- Koute/Pwoblèm Zòrèy
- Asmatik
- Pwoblèm Senyen
- Gwo Frap nan Tèt
- Dyabèt/Maladi Sik
- Tèt Fè Mal
- Maladi Kè
- Kriz/Malkadi
- Endispoze
- Vizyon/Pwoblèm Je
- Pitit mwen pa (t) gen youn nan kondisyon medikal ki pi wo yo.

Si w te mete yon tchèk nan nenpòt pwoblèm medikal ki pi wo, tanpri, bay plis esplikasyon.

Manje Maten ak Manje Midi

Pral gen manje maten ak manje midi ki gratis ki disponib pou tout elèv ki vle patisipe ladan yo.

Tanpri, chwazi deklarasyon ki apwopriye a. *

- Pitit mwen pral patisipe nan pwogram manje maten an AK pwogram manje midi a pandan semèn li enskri nan USP (yo).
- Pitit mwen pral patisipe SÈLMAN nan pwogram MANJE MATEN an pandan semèn li enskri nan USP (yo). Y ap sèvi manje maten ant 8:15 AM ak 8:45 AM.
- Pitit mwen pral patisipe SÈLMAN nan pwogram MANJE MIDI a pandan semèn li enskri nan USP (yo). Y ap sèvi manje midi ant 11:45 PM ak 12:30 PM.
- Pitit mwen PAP patisipe nan ni pwogram manje maten an, ni pwogram manje midi a pandan USP.

Enfòmasyon sou Rejim: Tanpri, li chak deklarasyon ki vin apre yo epi chwazi tout sa ki apwopriye. *

- Pitit mwen PA fè alèji ak manje ni I PA gen restriksyon alimantè.
- Pitit mwen fè alèji ak manje. Tanpri, presize ki alèji li fè nan pati pou kòmantè ki pi ba a.
- Pitit mwen bezwen manje ki "Kosher".
- Pitit mwen bezwen manje ki "Pareve".
- Pitit mwen bezwen manje ki vegan.
- Pitit mwen bezwen manje ki vejetaryen.
- Pitit mwen bezwen manje ki pa gen pwodui ki fèt ak lèt.
- Lòt:

Kòmantè: Tanpri, site nenpòt alèji ak manje oswa lòt enfòmasyon sou restriksyon alimantè pitit ou genyen.

Konsantman anrapò ak Medya

Manm pèsonèl Universal Summer Program yo oswa jounalis gendwa fè foto oubyen videyo grenn elèv oswa gwoup elèv pandan y ap patisipe nan aktivite nan pwogram nan. Apre sa, foto pitit ou gendwa parèt nan piblikasyon, nouvèl, jounal, nouvèl, oswa rezo sosyal konsènan Universal Summer Program Brookline nan.

Yo gen dwa repwodui imaj (foto oswa videyo) pitit mwen nan piblikasyon, jounal, nouvèl, oswa rezo sosyal distri a apwouve. *

- Wi
- Non

Yo gendwa itilize prenon ak non fanmi pitit mwen pou idantifye foto l. *

- Wi
- Non

Yo gendwa itilize klas pitit mwen (pwofesè/klas/lekòl) pou idantifye foto li. *

- Wi
- Non

Tanpri, site nenpòt lòt restriksyon ou ta renmen mete sou idantifikasyon foto pitit ou yo pibliye.

Transpò - Elèv METCO Sèlman

Pwogram METCO a pral ofri transpò pou elèv METCO yo ki patisipe nan Universal Summer Program Brookline nan. Y ap bay transpò nan maten (rive a 8:15 AM) ak nan apre midi (pati a 12:30 PM).

Tanpri, chwazi deklarasyon ki apwopriye a.

- Pitit mwen pral itilize transpò METCO ni nan maten, NI nan apre midi pou USP.
- Pitit mwen pral itilize transpò METCO sèlman nan maten pou USP.
- Pitit mwen pral itilize transpò METCO sèlman nan apre midi pou USP.
- Pitit mwen PAP itilize transpò METCO pou USP.

Tanpri, ajoute nenpòt lòt enfòmasyon ou ta renmen nou konnen. Epi tou, ou gendwa mete nenpòt kesyon ak/oswa kòmantè ou genyen.

Mèsi dèske w enskri pitit ou nan Universal Summer Program 2021 Brookline nan. Note sa: Si w ap enskri yon lòt timoun nan pwogram nan, tanpri, remèt yon nouvo fòmilè pou timoun sa a. Yon moun nan ekip Universal Summer Program nan pral kontakte w talè konsa avèk lòt detay. Nou pa ka tann pou n sèvi w!